

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Storybird* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong sedeng (3,5), aspék organisasi eusi kagolong kurang (2,9), aspék pilihan kecap atawa diksi kagolong kurang (2,7), aspék makéna basa kagolong kurang (2,9), aspék éjahan kagolong sedeng (3,4). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Storybird* kaasup kana katégori can tuntas (62,4).
- 2) Kampuh nulis carita pondok siswa XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média *Storybird* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong alus (4,4), aspék organisasi eusi kagolong alus (4,2), aspék pilihan kecap atawa diksi kagolong sedeng (3,8), aspék makéna basa kagolong sedeng (3,9), aspék éjahan kagolong alus (4,1). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeu s ngagunakeun média *Storybird* kaasup kana katégori tuntas (82).
- 3) Aya ningkatna kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2022/2023 tina saméméh ngagunakeun média *Storybird* can tuntas jadi tuntas sabada ngagunakeun média *Storybird*. Ieu hal katitén dina aspék kasaluyuan téma jeung eusi tina kagolong sedeng (3,5) ningkat jadi alus (4,4). Aspék organisasi tina kagolong kurang (2,9) ningkat jadi alus (4,2). Aspék pilihan kecap atawa diksi tina kagolong kurang (2,7) ningkat jadi sedeng (3,8). Aspék makéna basa tina kagolong kurang (2,9) ningkat jadi sedeng (3,9). Aspék éjahan tina kagolong sedeng (3,4) ningkat jadi alus (4,1). Peunteun hasil

saméméh ngagunakeun média *Storybird* sakabéh siswa ningkat tina can tuntas (62,4) jadi tuntas (82) kalayan KKM 78. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média *Storybird* aya ningkatna.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeuna média pangajaran *Storybird* miboga implikasi yén ieu média pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunna média pangajaran *Storybird* jadi salah sahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih jeung makéna kecap, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu média siswa jadi leuwih kréatif.

## 5.3 Rékomendasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, saperti ieu di handap.

- 1) Média *Storybird* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Ku kituna, ieu média pangajaran *Storybird* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis carita pondok.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan média *Storybird* ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan média pangajaran *Storybird* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni.